


“Inzira nziza yo kuva mungorane bica murizo ngorane nyene.”

Nyenimvugo Atazwi




“Ibishoboka kuba biri inyuma yacu hamwe n’ imbere yacu nibintu bitoya ugereraniye nibiri indani mumibiri yacu.”

Ralph Waldo Emerson



IGICE C’ IBIRO:

Umugambi w’ Ukuhaserukira Mumuryango (FIP)
(Inyubakwa y’ Umutekano w’ Umuryango)
610 Murfreesboro Pike
Nashville TN 37210



Umugambi w’ Ukuhaserukira Mumuryango (FIP) uri m’ Unyubakwa y’ Umutekano w’ Umuryango. Mugihe uhashitse, andikisha kwinjira kuwujewe umutekano.

GUSUBIZA KANDI UBUZIMA KUBANA HAMWE



Muguhabwa isango hamagara
(615) 862-7773

Iyi poroje yashigikiwe na Award numero. 2017-VA-GX-0051 yatanze n’ Ibiro Bifasha Abahoholewe n’ Ubugizi Bwanabi, Ibiro vy’ Imigambi y’ Ubutungane, Igisata c’ Ubutungane bwa Reta Zunzumbwe mu Biro vyo muri Tennessee vy’ Imigambi y’ Ubutungane Mubugizi Bwanabi.

Kirundi



f.i.p.

FAMILY INTERVENTION PROGRAM

MUGIHE WEWE CANKE UMUNTU UZI AHOHOTWE N' UBUGIZI BWANABI

Igihe icarico cose ubugizi bwanabi bubaye, abantu benshi birabagirira ingaruka – uwakorewe amabi, abanywanyi b' umuryango, abagenzi kandi hamwe n' imiryango ituye mukarere. Ntanumwe yiteguye kungaruka y' umubiri hamwe nimbamutima biterwa n' ubugizi bwanabi bigashobora no kubabaza cane yaba uwababajwe hamwe n' umuryango n' abagenzi biwe. Bivanye n' imibabaro nyakuri y' abantu ubuzima bwabo buzanirwa ingaruka bivuye kubugizi bwanabi bakorerwa, Igisata c' Igipolisi ca Metropolitan Nashville Police Department (MNP) caramaze gutanga imfashanyo z' ubujenama, z' uguhimiriza, hamwe nizugushigikira kubakorewe amabi n' ubugizi bwanabi hamwe n' abandi ubuzima bwabo buzanirwa ingaruka n' ubukozi bwanabi kuva mumwaka wa 1975.

IMFASHANYO IRI HANO

Mu mwaka wa 2016, imigambi ibiri ya MNP y' ubujenama hamwe n' uguhimiriza, Umugambi w' Ukuhaserukira Kubakorerwa Inabi (VIP) hamwe n' Ubujenama Kumabi Akorerwa Mungo vyarashizwe hamwe kugira bibe Umugambi w' Ukuhaserukira Mumuryango (FIP). Izi mfashanyo nzabunzwe bifatiye kuciyumviro co kuri buri muntu ababajwe n' intuntu bivanye nigikorwa c' ubugizi bwanabi ategerezwa guhabwa imfashanyo zukuhaserukira mungorane kubantu kandi zihuta hamwe n' ukumukurikiranira hafi. Guhabwa abahinga babifitiye uburenganzira muvyekeye ingwara zo mumitwe, hamwe n' abahimiriza babifitiye ubunonososi mubumenyi, FIP iritwararika gufasha abantu bafise umubabaro uterwa n' ubugizi bwanabi kugira baronke kandi basubize ukwiyumvamwo umutekano hamwe no kugira urugero kubuzima bwabo. Ingingo y' uwakorewe amabi kuvyerekeye ukuburana ntibimuzanira ingaruka muguhabwa imfashanyo. Intumbero ya FIP ni gutanga imfashanyo z' ingwara zo mumitwe hamwe n' uguhimiriza umugambi w' ubutungane kunkozi y' ibibi mugihe icarico cose abantu, imiryango, hamwe/canke imiryango ituye mukarere kamwe bababajwe n' ubugizi bwa nabi. Imfashanyo zose nizo kubuntu, ziri mumutekano, kandi zitangwa muburyo bushigikiye mumico itandukanye: harimwo ukwubaha ubwoko, idini, ivyo kwisunga, hamwe niviyumviro kuvyerekeye ivyigitsina.



IMFASHANYO ZITANDUKANYE

Umukozi nshirukamwete n' impuwe hamwe nukwitanga muvyekeye imico atanga:

UKUHASERUKIRA MUNGORANE

Amasaha 24 yo kwitaba telefone yabakorewe inabi hamwe n' abanyagihugu, bitangujwe n' umuyobozi wo kwishura, mugihe ubugizi bwanabi butangiye raporo.

UMUJENAMA

Imfashanyo z' umuhinga w' ubujenama kubantu, abanywanyi b' umuryango hamwe n' abandi bantu bababajwe n' ubugizi bwanabi. Imigwi y' ugushigikira kubagiriwe ubugizi bwanabi batandukanye/abantu bacitse icumu iratangwa mugihe c' umwaka.

UMUGWI W' UKUHASERUKIRA MUNGORANE

Umugwi w' ukuhaserukira mungorane uratangwa bibanje bisabwe mugihe ubudandaji, amashure, canke iyindi migwi ibabajwe n' ubukozi bwanabi.

GUHIMIRIZA HAMWE NUBUYOBOZI BWA DOSIYE

Impanuro, ugushigikira, hamwe n' insiguro bitangwa n' igipolisi hamwe n' ubucamanza muri sentare. Ugufashwa birahari kugira hemezwe ibikenewe vyuburenganzira ngirakamaro hamwe no gusohora dosiye ya TN y' Ukuronswa Indishi Kububabare Butegwa Nubugizi Bwanabi.

IMFASHANYO ZIHIMIRIJWE KUBANTU BWITE

Ihimirizo ry' ukuhaserukira mumico/ugushigikira abantu batandukanye bo muri Nashville harimwo abahinga muvyekeye impunzi n' abimukira, abantu bavuga indimi zitandukanye, amakuru ari mundimi zitandukanye, hamwe no gukoresha abasiguzi mugihe bikenewe.

UBUJENAMA HAMWE N' IMYIMENYEREZO

Insiguro zishikirizwa zirahari kumirwi y' imiryango ituye mukarere kamwe hamwe n' abahinga mukugwiza ubumenyi hamwe no gutahura imfashanyo za FIP, ingaruka y' intuntu/gufatwa nabi; hamwe n' ubumenyi muvyekeye imico hamwe nukuhaserukira vyihuta kubantu bwite bakorewe amabi.

AMAKURU HAMWE NUGUTUMWA KUMFASHANYO

Gukorerahamwe n' abafasha muvyekeye amagara, imfashanyo zo mumibano hamwe n' umugambi w' ubutungane kubakozi bibibi.

NUGUHAMAGARA KWAVE

Intumbero nyamukuru y' Umugambi w' Ukuhaserukira Mumuryango ni gufasha abantu hamwe nabakundwa babo kugira basubize ukwiyumvamwo amagara hamwe n' ubuzima bwiza inyuma yo kuba babaye mungorane. Mugihe wewe canke umuntu uzi ari uwakorewe amabi, urasabwa guhamagara numero za telefone zibibereye murizo zanditswe musi.

Umugambi w' Ukuhaserukira Mumuryango (615) 862-7773

IZINDI NUMERO ZO GUHAMAGARA

Amatohoza y' Igipolisi:	
North Precinct	(615) 862-7901
South Precinct	(615) 862-7763
East Precinct	(615) 862-7525
West Precinct	(615) 862-7385
Midtown Hills Precinct	(615) 880-1513
Hermitage Precinct	(615) 862-6993
Madison Precinct	(615) 880-3311
Central Precinct	(615) 862-7044
Umugwi Ujejwe Ubugizi	
Bwanabi Muvyigitsina	(615) 862-7540
Igisata Cubugizi Bwanabi Mumuryango	(615) 880-3000
Iburo vy' Umushingwamanza wo Mukarere	(615) 862-5500
TN Kuronswa Indishi Kububabare	
Butegwa Nubugizi Bwanabi	(615) 741-2734

NIWISUNGE URUBAHO RWINYUMA KWIKARATA
HAMWE NAMABWIRIZWA.

f. i. p.
FAMILY
INTERVENTION
PROGRAM

(615) 862-7773